

Adekwasyon

Kisa Adekwasyon ye?

Adekwasyon se pwosesis kote repons anplwayè yo pou demann enfòmasyon separasyon pou anplwayè evalye pou detèmine si yon aplwayè te etabli yon tandans pou pa reponn nan bon moman oswa yon fason adekwa. Yon repons favorab se yon repons Divizyon an resevwa selon delè repons ki endike sou lèt la. Delè a se pral 14 jou kalandriye de dat li premye voye l bay anplwayè a. Yon repons adekwa se yon repons ki genyen ase done pou pèmèt Divizyon an fè yon rezolisyon inisyal kòrèk selon lalwa. Yon anplwayè ki etabli yon tandans pou pa reponn nan bon moman an oswa yon fason adekwa kapab pa relve de frè ki soti de pèman alokasyon ki gen erè yo.

Kòman yon tandans etabli?

Yon anplwayè etabli yon tandans ki konsiste pou pa reponn nan bon moman oswa nan fason adekwa sou demann enfòmasyon separasyon de anplwayè a si anplwayè sa pa reponn nan bon moman an oswa yon fason adekwa avèk de (2) oswa de poustan(2%), selon sa ki pi elve nan total demann ki te fèt bay anplwayè a pandan sik deklarasyon an. Sik deklarasyon an kòmanse 1e Dawout chak ane epi fini 31 Jiyè ane ki swivi a. Yon anplwayè ki etabli yon modèl pral resevwa yon rezolisyon sou limit adekwasyon an.

Kilè kont mwen an pral afekte?

Ou bezwen sèlman etabli yon tandans pou pa reponn nan bon moman an oswa nan yon fason adekwa avèk Demann Separasyon an. Enfòmasyon de anplwayè a pandan sik rapò a p ap afekte kont ou an. Kont ou an p ap afekte amwenske ou te etabli yon modèl pandan sik rapò a epi ou te gen yon repons inadékwa oswa ki pa rive nan moman favorab pandan sik chajman ki korèsponn nan, sa ki antrene yon remiz de yon pèman enkòrèk bay demandè a. Sik chamanj ki korèsponn yo se kat trimès kalandriye ki swiv rapò sik anvan an.

Kòman kont mwen an pral afekte?

Yon anplwayè ki etabli yon modèl pou pa reponn nan bon moman oswa yon fason adekwa ak demann Enfòmasyon separasyon anplwayè a pandan sik rapò a pral fè sjè penalite pou repons ki pa favorab oswa inadékwa pandan chak sik chajman ki korèsponn yo. Si, pandan sik chajman ki korèsponn nan, Divizyon an regle favè demandè a anvan epi demandè yo peye epi dedwi sou kont anplwayè a sou yon reklamasyon lòske anplwayè a pa rive reponn nan bon moman oswa yon fason adekwa avèk yon repons pou Enfòmasyon Separasyon de anplwayè a epi rezolisyon yo te envèse nan avantaj anplwayè sou apèl , anplwayè a p ap libere de akizasyon sa yo. Alokasyon ki te vèse avan ranvèisman desizyon apèl la pral konsidere kòm pèman enpwovize. Yon anplwayè qui penalize pral resevwa yon rezolisyon penalite adekwasyon epi frè ki korèsponn yo pral parèt tou sou rapò trimèstriyèl avèk anyèl anplwayè a.

Kòman prevni yon tandans?

Mwayen ki pi senp pou evite etabli yon tandans epi evalye aprè chak penalite se reponn nan bon moman epi nan fason adekwa ak tout Demann enfòmasyon separasyon de anplwayè a . Yon repons ki

favorab se yon repons ki resevwa nan 14 jou ki endike sou demann enfòmasyon separasyon de anplwayè a. Yon repons adekwa se yon repons ki satisfè demann lan ase epi founi ase done pou DES fè yon rezolisyon legal ki korèk san li pa bezwen kontakte anplwayè a pou jwenn plis enfòmasyon. Sa kapab enkli pou founi kopi manyèl ki apwopriye, metòd avètisman, anrejistreman, dokiman oswa lòt enfòmasyon.

Si yon tandans te etabli, kòman penalite yo kapab evite?

Lòske yon modèl te etabli, penalite yo kapab evite pandan chak sik chajman ki korèsponn pandan w ap reponn nan bon moman an epi yon fason adekwa avèk tout demann enfòmasyon separasyon de anplwayè a. Nan menm moman an, repons sa yo pral evalye nan kad pwochen sik rapò a, aprè sa pral detèmine si anplwayè a te etabli ankò yon modèl ki kapab jenere frè pandan sik chajman ki korèsponn nan.

Kòman yon Rezolisyon Limit kapab konteste?

Yon anplwayè kapab pwoteste kont yon Rezolisyon Limit Adekwasyon pandan l ap fè depoze yon demann ekri avèk Inite DES ki an chaj Alokasyon yo:

Kourye : Post Office Box 25903, Raleigh, North Carolina 27611-5903
Faks: 919-733-1126

Imel: des.ui.charging@ncommerce.com (<mailto:des.ui.charging@ncommerce.com>)

Demann lan dwe genyen non, adrès avèk nimewo kont anplwayè a; Non, adrès avèk tit moun nan k ap fè demann lan; Avèk yon deklarasyon motif demann lan. Pwotètasyon an dwe depoze nan delè 15 jou de dat rezolisyon an te voye bay anplwayè a. Inite ki an chaj Alokasyon yo pral revize demann lan epi emèt yon rezolisyon ekri . Pa genyen okenn dwa apèl ankò apati rezolisyon sa.

Kòman yon rezolisyon penalite kapab konteste?

Yon anplwayè kapab pwoteste yon Rezolisyon Adekwasyon Penalite pandan l ap fè depozisyon yon demann ekri avèk Inite DES ki an Chaj Alokasyon an:

Bwat Postal: Post Office Box 25903, Raleigh, North Carolina 27611-5903

Faks: 919-733-1126

Imel: des.ui.charging@ncommerce.com (<mailto:des.ui.charging@ncommerce.com>)

Demann lan dwe genyen non anplwayè a, adrès, avèk nimewo kont li; non, adrès, avèk tit moun nan k ap fè demann lan, avèk yon deklarasyon motif demann lan. Pwotèstasyon an dwe depoze nan delè 15 jou de dat rezolisyon an te voye bay anplwayè a. Inite ki an Chaj Alokasyon an pral revize demann lan epi emèt yon rezolisyon ekri. Yon anplwayè kapab fè apèl yon rezolisyon ki pa favorab bay komisyon revizyon an. Apèl yo kapab depoze avèk Inite ki an Chaj Alokasyon an pandan l ap itilize yonn nan metòd ki site pi wo a nan delè 15 jou de dat rezolisyon an te voye bay anplwayè a.